



FORMULAIRE DE DEMANDE DE LA CARTE « HORIZON »

(A Compléter par le titulaire du compte)

URUPAPURO RWUZUZWA MU GUSABA IKARATA « HORIZON »

(Rwuzuzwa na nyenikonte)

Numéro du Compte chèque/courant lié à la carte :

Inomero y'ikonte ikoresha amashaki/isanzwe ikorana n'ikarata:

Première demande ☐ Remplacement ☐ Renouvellement ☐

Ukuyisaba ubwa mbere **Ukuyisubiriza** **Ukwongerereza ikiringo**

Demande de nouveau code PIN / **Ugusubira gusaba ikode PIN** ☐ Réactivation code PIN/ **Ugusubira**

kwuguruza ikode PIN ☐ Réactivation carte bloquée/ **Ugusubira kwuguruza ikarata yahagaritswe** ☐

1. Renseignements concernant le titulaire du compte / **Ibiranga nyenikone** (A remplir en majuscules / **Vyandikwa mu ndome nkuru**) :

Nom, Prénoms (précédés de M., Mme, Mlle)

Izina, Amatazirano (bibanzirizwa na : Umushingantahe, Umupfasoni, Umwigeme)

Adresse complète du domicile / **Aho aba** : Lieu / **Ikibanza**

Quartier / **Ikaritiye**

Rue / **Ibarabara**

Boîte Postale / **Agasandugu ka Posita**

E-mail / **Imeyire**

Profession / **Ico akora**

Téléphone / **Terefone** : Fixe / **Yo mu biro** Mobile / **Ngendanwa**

Pièce d'identité/ **Ikarata ndangamuntu** : Type / **Ubwoko bwayo** Numéro / **Inomero**

délivré le / **Yatanzwe ku wa** ----/----/---- à / i

2. Je déclare adhérer sans réserve aux conditions générales d'utilisation et assumer la responsabilité pleine et entière de l'utilisation de la carte délivrée jusqu'à sa restitution à la Banque de Gestion et de Financement S.A.

Ndemeje ko nzokwisunga ata co nirengagije na kimwe ibisabwa ngenderwako mu gukoresha ikarata yatanzwe kugeza isubijwe ibanki y'Ugutunganya n'ugutanga amafaranga BGF S.A.

Cette carte est établie au nom de / **Iyo karata iteguwe kw'izina rya** :

Fait à / **Bigiriwe i**, le/ **ku wa** ----/----/-----

Signature / **Umukono**

RESERVE A LA BANQUE / AHA HUZUZWA N'IBANKI

Réception / **Uwuyakiriye**

Visa de la signature client/

Autorisation/ **Uwutanze uruhusha**

Ukwemeza umukono w'umunyanyoni

Nom et Prénom/ **Izina n'iritazirano**

Nom et Prénom/ **Izina n'iritazirano**

Nom et Prénom/ **Izina n'iritazirano**

Date et signature

Igenekerezo n'umukono

Date et signature

Igenekerezo n'umukono

Date et signature

Igenekerezo n'umukono



CONDITIONS GENERALES D'UTILISATION DE LA CARTE HORIZON

Article 1 : Nature et objet de la carte

1.1. La carte **HORIZON** permet à son titulaire d'effectuer des opérations bancaires sur des Guichets Automatiques de Banque (ci-après dénommé « GAB ») affichant le logo de la BANQUE DE GESTION ET DE FINANCEMENT S.A (ci-après dénommée « BANQUE »).

1.2. D'autres services pourront être ultérieurement offerts par la Banque à l'aide de la carte « HORIZON ». Ils feront l'objet d'informations portées en temps opportuns à la connaissance des utilisateurs.

Article 2 : Délivrance de la carte

La carte est délivrée par la BANQUE, qui en conserve la propriété à la demande et sous réserve d'acceptation de la demande, à ses clients titulaires d'un compte et/ou à leurs mandataires nommément désignés n'ayant pas fait l'objet d'une décision de retrait de carte, d'une mesure d'interdiction bancaire ou judiciaire d'émettre des chèques.

La carte est rigoureusement personnelle, son titulaire devant y apposer obligatoirement sa signature dès réception.

Article 3 : Code secret

Un code personnel est communiqué confidentiellement par la Banque, sous pli fermé, à chaque titulaire ou mandataire qui s'engage formellement à prendre toutes les mesures propres à assurer la sécurité de sa carte et du code secret correspondant (il doit le tenir absolument secret dans son intérêt et ne le communiquera à qui que ce soit) et à assumer toutes les responsabilités des dommages pouvant résulter de la non-adoption ou de la mauvaise application des mesures relatives à sa sécurité.

Ce code est indispensable au titulaire lors de l'utilisation du GAB conçu de façon qu'aucune opération ne puisse être exécutée sans composition préalable de ce code de secret.

IBISABWA NGENDERWAKO MU GUKORESHA IKARATA "HORIZON"

Ingingo ya 1 : Ubwoko bw'ikarata n'intumbero

1.1. Ikarata **HORIZON** ituma nyeneyo ashobora kurangura ibikorwa ku Vyuma vy'ibanki bitanga amafaranga (mu bikurikira vyiswe ivyuma « GAB ») vyerekana ikimenyetso kiranga IBANKI Y'UGUTUNGANYA N'UGUTANGA AMAFARANGA (mu bikurikira yiswe « IBANKI »).

1.2. Mu nyuma, hazoshobora kuba ibindi bikorwa ikarata « HORIZON » ishobora gukoreshwako. Bizomenyeshwa mu mwanya wavyo.

Ingingo ya 2 : Itangwa ry'ikarata

Ikarata itangwa n'IBANKI, ari na yo igumana ububasha kuri yo, igatangwa bisabwe kandi ari uko vyemewe, igahabwa abanywanyi bafise ikonte na/canke abo bahaye ububasha kuri ayo makonte batomowe neza amazina yabo, batafatiwe ingingo y'ukwakwa ikarata, ingingo y'ukubuzwa gukora ibikorwa vy'ibanki canke ingingo y'ubutungane y'ukudatanga amasheki.

Ikarata ni iya nyene yo gusa, agategerezwa kuyishirako umukono akiyakira.

Ingingo ya 3 : Igiharuro kabanga

Igiharuro kabanga kimenyeshwa n'ibanki mw'ibanga, mw'ibahasha ryugaye, kigahabwa umwumwe wese nyenikarata canke uwo yayihayeko ububasha, na we akiyemeza ku mugaragaro gufata ingingo zose zikenewe zituma ikarata yiwe hamwe n'igiharuro kabanga bijanye bikingirwa (ategerezwa, ku neza yiwe, kukigumiza mw'ibanga ridasanze kandi ntiyigere akibwira umuntu n'umwe) akongera akiyemeza ko ari we wenyene azobazwa ivyokwononekara vyose bivuye ku kutisunga canke ku gukurikiza nabi ingingo zijanye n'ugukingira ikarata.

Ico giharuro kabanga ni ntasubirizwa kuri nyenikarata mu gihe akoresha ivyuma GAB kuko vyakozwe ku buryo ata gikorwa na kimwe gishobora kurangurwa hatabanje kwinjizwamwo ico giharuro kabanga.

Le nombre d'essais successifs de composition du code secret est limité à trois (3) sur ces Guichets Automatiques de la Banque avec le risque notamment de confiscation ou d'invalidation de la carte au troisième essai infructueux.

Article 4 : Utilisation de la carte pour les opérations bancaires

La carte est utilisable notamment pour des retraits d'espèces, des demandes de soldes ou mini-relevés, des demandes de virements, ... à partir des GABS installés par la Banque.

Ces opérations sont exécutables par le titulaire dans les limites fixées par la Banque et dans les limites des disponibilités du guichet payeur.

Article 5 : Recevabilité des oppositions

Les opérations effectuées au moyen de la carte sont irrévocables. Seules sont recevables par la Banque, les oppositions expressément motivées par la perte ou le vol de la carte et déclarées sous les conditions décrites ci-après à l'article 7.

Il est rappelé que le titulaire de la carte doit prendre toutes les mesures nécessaires pour sauvegarder le secret de son code d'identification.

Article 6 : Modalités des oppositions

6.1. Le titulaire du compte doit immédiatement déclarer la perte, le vol de la carte ou la soustraction de la carte par un membre de la famille ou par toute autre personne.

Cette déclaration doit être faite à la Banque pendant ses heures d'ouvertures, notamment par téléphone et doit être matérialisée par une déclaration écrite remise sur place dans un délai ne dépassant pas 48 heures.

Dans tous les cas, l'intéressé doit impérativement communiquer le numéro de la carte concernée pour que son opposition puisse être validée.

6.2. Toute opposition qui n'a pas fait l'objet d'une déclaration signée doit être confirmée sans délai par

Igitigiri c'incuro zikurikirana mu kugerageza kwinjiza ico giharuro kabanga ntizirenga zitatu (3) ku vyuma GAB vy'ibanki, kuko nk'igihe urengeje izo ncuro uguma wihenda, ikarata ishobora guca imirwa n'ivyo vyuma canke ntisubire gushobora gukoresha.

Ingingo ya 4 : Ugukoresha ikarata ku bikorwa vy'amabanki

Ikarata ikoresha nko mu kubikura amafaranga abona, mu gusaba kumenya amafaranga asigaye kw'ikonte canke icegeranyo kigufi c'ivyakozwe kw'ikonte, ugusaba gukura amafaranga kw'ikonte ashirwa ku yindi, ... hakoreshejwe ivyuma GAB vyashizweho n'ibanki.

Ivyo bikorwa birangurwa na nyenikarata hatarenzwe ibitigiri bishingwa n'ibanki kandi hatarenzwe ibitigiri vy'ayashobora kubikurwa kuri ivyo vyuma.

Ingingo ya 5 : Ihagarikishwa ry'ibibikorwa rishobora kwakirwa

Ibikorwa vyaranguwe hakoreshejwe ikarata ni ntasubirwamwo. Ibikorwa vyonyene bishobora guhagarikishwa ibanki ishobora kwakira, ni ivyatangiwe imvo mu buryo butomoye zerekeye ugutakara canke ubusuma bw'ikarata kandi bikaba vyamenyeshejwe hisunzwe ibisabwa bidondowe mu ngingo ikurikira ya 7.

Biribukijwe ko nyenikarata ategerezwa gufata ingingo zose zikenewe kugira ashingure mw'ibanga ikode yiwe imuranga

Ingingo ya 6 : Ibikurikizwa mu guhagarikisha

6.1 Nyenikonte ategerezwa kuca amenyesha ubwo nyene ko ikarata yatakaye, yibwe canke hagize uwuyitwara wo mu muryango canke uwundi muntu wese.

Ivyo bitegerezwa kumenyeshwa ibanki mu masaha iba yuguruye, biciye nko kw'iterefone kandi bitegerezwa kwerekanwa neza biciye mu rwandiko rushikirizwa kw'ibanki mu kiringo kitarenza amasaha 48.

Uko biri kwose, uwo vyerekeye ategerezwa kumenyesha inomero y'ikarata vyerekeye kugira ivyo ahagarikisha bishobore kwemerwa.

6.2. Ihagarikishwa ryose ritaciye mu rwandiko ruriko umukono ritegerezwa kwemezwa bidatevye biciye

lettre remise, ou expédiée sous pli recommandé, au guichet de l'Agence où le compte est domicilié et sur lequel fonctionne la carte.

En cas de contestation sur l'opposition, celle-ci sera réputée avoir été effectuée à la date de réception de ladite lettre par la Banque.

Article 7 : Responsabilité et Obligation du ou des titulaires du compte

7.1. Effets d'une opposition :

Dès la réception d'une opposition faite dans les conditions définies à l'Article 7 et à l'exception des opérations faites par lui, la responsabilité du titulaire de la carte est :

- dégagee pour toutes les opérations effectuées après l'opposition,
- intégralement engagée pour toutes les opérations antérieures.

7.2. La Banque se réserve la faculté de rechercher la responsabilité du titulaire en cas de faute ou d'imprudence dans la garde de la carte ou du code secret même après déclaration de perte ou de vol.

Article 8 : Durée de validité de la carte

8.1. La carte est émise pour une durée de validité de deux ans.

8.2. La Banque se réserve le droit de retirer ou de faire retirer la carte à tout moment ou de ne pas la renouveler sans avoir à en indiquer le motif. La décision de retrait est notifiée dans tous les cas par courrier au titulaire du compte qui est tenu d'en aviser son mandataire.

8.3. Le renouvellement de la carte volée ou perdue lorsqu'il est fondé, entraîne pour le compte de son titulaire, la prise en charge des frais afférents.

8.4. La clôture du compte sur lequel fonctionne une carte entraîne l'obligation de la restituer.

Il en va de même des cas de dénonciation de la convention de compte. L'arrêt définitif du compte ne pourra intervenir au plus tôt qu'un mois après la restitution de la carte.

mw'ikete rishikirizwa, canke rirungikwa mw'ibahasha ryugaye ku buryo ritegerezwa gushikirizwa ku biro vy'ishami ry'ibanki aho ikonte ikoresherezwa kandi ikarata ikoreshwako.

Mu gihe habaye impari kw'ihagarikishwa ryagizwe, bifatwa ko ryagizwe kw'igenekerezo ibanki yashikiririjweko iryo kete.

Ingingo ya 7 : Ivyo nyene canke ba nyenikonte babazwa n'ivyo bategerejwe.

7.1. Inkurikizi z'uguhagarikisha:

Kuva ihagarikishwa ryakiriwe ryagizwe hisunzwe ibisabwa bitomowe mu ingingo ya 7 kandi kiretse ibikorwa vyagizwe na nyenikarata:

- nta co abazwa ku bikorwa vyose vyakozwe ihagarikishwa rimaze kigirwa,
- ni we abazwa ku bikorwa vyose vyakozwe imbere y'aho.

7.2. Ibanki igumana ububasha bwo kurondera ivyobazwa nyenikarata mu gihe yakoze ikosa canke yasamaye mu kubika ikarata yiwe canke igiharuro kabanga ciwe n'igihe vyamaze kumenyeshwa ko ikarata yatakaye canke yibwe.

Ingingo ya 8 : Ikiringo ikarata imara itarata igihe

8.1. Ikarata itangirwa ikiringo c'imyaka ibiri.

8.2. Ibanki igumana ububasha bwo kwaka umunywanyi ikarata canke gusaba ko ayakwa igihe cose canke kudatanga nshasha itarinze kubitangira imvo. Ingingo yo kwaka umunywanyi ikarata iramenyeshwa nyenikonte uko biba biri kwose biciye mw'ikete, na we agategerezwa kubimenyesha uwo yahaye ububasha kw'ikonte yiwe.

8.3. Mu gihe ikarata yibwe canke yatakaye isubirijwe bifise ishingiro, bituma nyenikonte ariha amafaranga yose bisaba.

8.4. Mu gihe ikonte ikoreshwako ikarata yugawe, bituma iyo karata itegerezwa gusubizwa.

Ni ko kw'uko no mu gihe amasezerano ajanye n'iyi konte afuswe. Ihagarikwa burundu ry'ikonte riba gusa, mu gihe binyarutse, haheze ukwezi ikarata isubijwe.

Article 9 : Conservation des documents - informations relatives aux opérations - délais de réclamations

9.1. Le titulaire du compte voire de la carte, a la possibilité de déposer une réclamation, si possible en présentant un ticket de l'opération litigieuse et cela dans un délai maximum de 30 jours à compter de la date de débit en compte.

Les deux parties conviennent d'apporter les meilleurs soins à leur information réciproques sur les conditions d'exécution de l'opération.

9.2. Les informations ou documents, ou leur reproduction, que la Banque détient et qui sont relatifs aux opérations visées dans le présent contrat doivent être conservées pendant un an par la Banque.

Ils seront produits dans un délai de 30 jours au plus, à la demande du titulaire du compte.

En cas de réclamation justifiée, la situation sera rectifiée.

Article 10 : Communication de renseignements à des tiers

10.1. La Banque se réserve le droit de communiquer aux autorités habilitées les informations concernant le ou les titulaire(s) du compte sur lequel fonctionne la carte en cas d'utilisation abusive ou frauduleuse de celle-ci.

10.2. Le titulaire du compte détenteur de la carte autorise la Banque à diffuser ou à faire diffuser auprès des commerçants, institutions financières, organismes techniques intéressés à l'utilisation de la carte, les mentions figurant sur cette dernière si elle était perdue ou volée (ainsi que leur adresse si la carte était utilisée frauduleusement).

Article 11 : Coût de la carte et tarifications

Les oppositions pour perte ou vol de la carte peuvent entraîner des frais selon la tarification en vigueur. Il en est de même pour les demandes de remplacement de la carte, des demandes de documents et autres réclamations non justifiées.

Ingingo ya 9 : Ukubika inzandiko - ibimenyeshwa vyerekeye ibikorwa birangurwa - ibirango vyo gushikiriza ibisabwa

9.1. Nyenikonte canke nyenikarata arashobora gushikiriza ivyo asaba, mu kwerekana itike y'igikorwa kirimwo amahinyu iyo bishoboka kandi bikagirwa mu kiringo kitarenza imisi 30 ihururwa kuva kw'igenekerezo ikonte yakuriweko amafaranga.

Abagiraniye amasezerano bomp bumvikanye guhana inkuru zitomoye ku buryo igikorwa kiba caranguwe.

9.2. Inkuru canke inzandiko, canke ugusubira kuzandika, ibanki iba ifise kandi zerekeye ibikorwa bivugwa muri aya masezerano zitegerezwa kubikwa n'ibanki mu kiringo c'umwaka umwe.

Zitangwa mu kiringo c'imisi itarenga 30 bisabwa na nyenikonte.

Mu gihe ibisabwa bifise ishingiro, ivyakozwe birakosorwa.

Ingingo ya 10 : Ukumenyesha abandi bantu inkuru

10.1. Ibanki igumana ububasha bwo kumenyesha abategetsi babifitiye ububasha inkuru zerekeye nyene canke ba nyenikonte ikoreshejwe ikarata mu gihe yakoreshejwe ukutari ko canke mu busuma.

10.2. Nyenikonte afise ikarata ahaye ibanki uruhusha rwo kumenyesha canke gutuma abadandaza, amashirahamwe akora mu vyerekeye amafaranga, amashirahamwe y'ivy'ubuhinga yerekewe n'ikoreshejwe ry'ikarata, bamenya ibiyanditsweko, igihe iba yatakaye canke yibwe (hamwe n'aho babarizwa igihe ikarata yoba yakoreshejwe mu busuma).

Ingingo ya 11 : ikiguzi c'ikarata n'ibindi biciro

Ibikorwa vy'uguhagarikisha bitumwe n'uko ikarata yatakaye canke yibwe birashobora gutuma harihwa amafaranga hisunzwe ibiciro bisanzwe bikurikizwa. Ni ko kw'uko mu gihe hasabwa gusubiriza ikarata, inzandiko n'ibindi bisabwa bitagira ishingiro.



Le titulaire du compte ou son mandataire peut obtenir auprès de la Banque les informations relatives aux tarifs appliqués (tableau affiché des **conditions applicables à la clientèle, dépliants mis à disposition des clients**).

Article 12 : Sanctions

Tout usage abusif ou frauduleux de la carte est passible de sanctions prévues par la loi.

Tous frais et dépenses réels, engagés pour le recouvrement forcé des créances de la banque, sont à la charge solidairement du titulaire du compte auquel elles s'appliquent.

Le montant des opérations qui n'aura pas été débité au compte sera majoré d'un intérêt aux taux légal, à partir de la date à laquelle l'opération aurait dû être imputée au compte et sans mise en demeure préalable.

En outre, toute opération entraînant un incident de fonctionnement du compte et nécessitant un traitement particulier fera l'objet de l'indemnité forfaitaire des conditions appliquées aux opérations bancaires (tarification simple).

Article 13 : Modification des conditions du contrat

La Banque se réserve le droit d'apporter des modifications aux conditions du contrat qui seront portées à la connaissance du titulaire du compte détenteur de la carte, notamment lors du renouvellement de celle-ci.

Article 14 : Règlement des litiges

Tout litige ou différents relatifs à l'interprétation des conditions d'utilisation de la carte ou des conséquences de son utilisation sera de la Compétence du Commerce de Bujumbura.

Nyenikarata canke uwo yayihayeko ububasha arashobora guhabwa n'ibanki inkuru zerekeye ibiciro bikoreshwa (icubake kimanitswe cerekeye **ibisabwa bikurikizwa ku banywanyi, impapuro zikuvye zihabwa abanywanyi**).

Ingingo ya 12 : Ibihano

Ikoreshwa ryose ry'ikarata harenzwe amategeko canke biciye mu busuma bihanishwa ibihano bitegekanijwe n'amategeko.

Amafaranga yose bisaba n'ayaba yakoreshejwe agaragara, yasohowe kugira hasubizwe ku nguvu ay'ibanki ifitiye, arihwa na nyenikonte ayo mafaranga yanditsweko.

Igitigiri c'amafaranga atazoba yakuwe kw'ikonte aja arashirwako inyungu ku rugero kw'ijana rwemewe n'amategeko, kuva kw'igenekerezo igikorwa categerezwa guharurirwako amafaranga kw'ikonte kandi nyenikonte atabanje guteguzwa.

Vyongeye, igikorwa cose gituma ikonte ikoreshwa bigasaba ko hagira ibiyikorerwako bidasanzwe, bituma hatangwa indishi ic'amaso hisunzwe ibisabwa bikurikizwa ku bikorwa vy'ibanki (ibiciro bisanzwe).

Ingingo ya 13 : Uguhindura ibisabwa mu masezerano

Ibanki igumana ububasha bwo guhindura ibisabwa mu masezerano, bikazomenyeshwa nyenikonte afise ikarata, na canecane mu gihe c'uguhabwa iyindi karata nshasha.

Ingingo ya 14 : Ugutatura amatati

Amatati ayo ari yo yose canke ibitumvikanyweko vyerekeye insiguro ihabwa ibisabwa mu gukoresha ikarata canke inkurikizi z'ukuyikoresha, sentare y'ubudandaji y'i Bujumbura ni yo ibifitiye ububasha.

Signature du Client / Umukono w'Umunywany